



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON PWOJÈ ENÈJI RENOVLAB NAN KONTE MADISON

Eta Nouyòk te apwouve 28 pwojè solè ak ewolyèn a gran echèl depi 2021

Dènnye pwojè a ranfòse ekonomi lokal yo, amelyore fyabilite rezo elektrik la, epi pote enèji pwòp nan anviwon 23,000 kay

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES) ak Transmisyon Elektrik Eta Nouyòk la te bay Cypress Creek Renewables yon pèmi final pou anplasman pou devlope epi opere Oxbow Hill Solar, yon seri sistèm solè 140 megawat (MW) nan vil Fenner nan konte Madison. Pwojè yo ap kreye djòb ki byen peye, amelyore fyabilite rezo, investi nan enfrastrikti ki krisyal, epi ogmante revni enpo pou lekòl lokal ak lòt priyorite kominotè yo.

"Nou kontan anpil pou anonse dènnye investisman nan teknoloji solè a, ki kenbe angajman nou pou amelyore fyabilite rezo elektrik la epi bati yon ekonomi enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè nou te apwouve pandan kèk dènnye ane yo se yon temwayaj angajman Nouyòk anvè dirabilite ak rezistans."

Enstalasyon solè Oxbow Hill la pral kontribye 140 MW enèji pwòp ak renouvlab nan rezo elektrik Nouyòk la, tout pandan l ap konpanse plis pase 177,000 tòn metrik CO2 epi bay elektrisite pou apeprè 23,000 kay nan gwosè mwayen.

Nouvo etablisman solè a pral genyen de pak solè ak ekipman sipò ki asosye, ansanm ak yon soustasyon entè-koneksyon, kloti, wout aksè ak yon bilding pou operasyon ak antretyen. Enstalasyon an pral konekte ak rezo elektrik Nouyòk la atravè liy transmisyon 115 kV Fenner Wind pou rive Whitman Road ki posede epi opere pa National Grid. Oxbow Hill sitiye sou yon pòsyon nan pak ewolyèn Fenner ki deja egziste a, sa ki fè li premye pèmi ORES kote yon enstalasyon solè ko-lokalize ak yon enstalasyon ewolyèn.

Pwojè sa te apwouve nan mwens pase delè yon ane ki nesèsè dapre lalwa, epi yo te pibliye apre yon pwosesis egzamen apwofondi, alè, epi transparan ki enkli peryòd kòmantè ak odyans piblik.

Zeryai Hagos, Direktè Egzekitif Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab ak

Transmisyon Elektrisite, te deklare, "Pandan eta a ap pwoche bò 4 gigawat enèji pwòp ak renouvlab, yon reyalizasyon monimantal, yo raple nou ke nou toujou gen travay pou nou fè pou nou adrese bezwen enèji k ap grandi nan Nouyòk la. ORES ap kontinye fè pwogrè nan politik enèji pwòp Nouyòk la k ap mennen nan peyi a pandan l ap reponn ak opinyon kominote a epi pwoteje anviwònman an."

Yo prevwa pwojè sa yo ap kreye yon total 330 djòb pandan konstriksyon an epi make 24 pwojè enèji pwòp ke ORES apwouve depi 2021, lè li te kreye pou akselere pèmi pou pwodiksyon enèji renouvlab. Eta Nouyòk te apwouve 28 pwojè solè ak ewolyèn a gran echèl depi 2021, ki enkli 24 ORES otorize ak kat Konsèy Enplantasyon Eta NY (NYS Siting Board) la te apwouve dapre Atik 10, lwa ki gouvène pwojè solè ak ewolyèn ki depase 25 MW yo anvan kreyasyon ORES. 28 Enstalasyon ki otorize yo reprezante 3.9 jigawat enèji pwòp ki renouvlab.

Desizyon ORES La pou etablisman sa yo swiv yon pwosesis verifikasyon ki detaye epi transparan ak patisipasyon solid piblik la pou asire pwojè yo pwopoze a satisfè oswa depase egzijans Atik VIII Lwa sou Sèvis Piblik Eta Nouyòk la (New York State Public Service Law) ak règleman pou aplike li yo. Yo te konsidere aplikasyon pou pwojè Oxbow Hill Solar la kòm konplè nan dat 18 novanm 2024, avèk yon pwojè pèmi ki te soti nan men ORES nan dat 14 janvyè 2025. Pwojè enèji solè sa fè objektif enèji pwòp Nouyòk yo avanse anpil pandan y ap etabli Eta a kòm yon egzanp pou pwosesis ki efikas, transparan, epi apwofondi, nan pwosedi otorizasyon enplantasyon gwo enstalasyon enèji renouvlab.

Ou kapab jwenn desizyon jodi a lè ou ale sou [sitwèb ORES](#) la.

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Lè nou ranfòse ekonomi enèji Nouyòk la, nou pozisyon tèt nou non sèlman pou satisfè demann elektrisite k ap grandi a, men tou pou fè sa yon fason dirab. Sistèm solè nan Konte Madison an pèmèt nou fè yon pa pi pre nan atenn objektif nou yo sou klima ak enèji. Chak gwo pwojè enèji renouvlab ede reyalize aksyon klimatik esansyèl ke eta nou an bezwen ijan, tout pandan y ap kreye plizyè santèn djòb lokal ak nouvo revni pou priyorite kominote a. Nan yon moman kote gouvènman federal la menase pwogrè nan domèn enèji pwòp, Nouyòk rete fèm nan founiti enèji renouvlab ak efikas pou plizyè ane k ap vini yo."

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)